Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 24 (6812) 27 июнь 2022 с. Итни ЗулкъагIида 1443 с. Багъа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ЛъаратIа – Ингишо нухде хъил тIей, ИчичIалибе лъим бачин...

### Гъалип Гъалиповас росабазул вакилзаби къабул гьаруна

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ муниципалитеталъул росабазул вакилзаби къабул гьаруна. Гьедин, ЧIиркъатIа росдал бегавул МухIамад МухIамадбакировасулгун гьес бицана поселениялъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъул. ЧIиркъатIа росу машгьураб буго чIахIиял ахаздалъун, гьенир гIезарула курак, микьир, цIибил, гени, гIеч ва цогидал росдал магIишаталъул нигIматал.**

Щибаб соналъул ихдал чIиркъдерица тIобитIула лъалъадиялъул къо, рацIцIад гьарула лъалаъадиялъул мухъал, бала мугь ва гьарула цогидал миллиял квенал. Гьединго ЧIиркъатIа росдал гIадамаз ахал ва хурзал лъалъазе хIалтIизарула лъим къабулел насосал. Данделъиялда рорхарал аслиял суалал рукIана лъалъадиялъул рахъалъ цере чIарал масъалаби тIурай. Халгьабуна гIадамазе социалияб рахъалъ хъулухъ гьабиялъул суалазулги поселениялда федералиял ва регионалиял программаби гIумруялде рахъинариялъулги.

ЧIиркъатIаса ГIалимирза ГIалимирзаевги Мухтар МухIамадовги къабул гьаруна гьединго Гъалип Гъалиповас. Гьез баян гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесе ахихъанлъи, хурухъанлъи цебетIеялъул ва цогидал кIвар бугел рахъазда хурхарал масъалабазул. Бакълъул районалъул тIалъиялъул жигаралдалъун чIиркъдерил гьоркьохъеб цIалул идара ккана «Лъайкьей цебетIей» абураб школал къачIаялъул федералияб программаялъулъе.

«Сельсовет “Цунди Шабдухский”» поселениялъул бетIер МухIамад Юсуповасулгун Гъалип Гъалиповас бицана «БакIалъулаб байбихьи» абураб республикаялъулаб программаялда рекъон ИчичIалиб лъел рогIоро къачIаялъул. Гьединго Гъалиповасул бетIерлъиялда районалъул администрациялда тIобитIана Ингишо росу цебетIеялъул суалал гьоркьор





лъураб данделъиги. Тадбиралда рорхана росулъе тIабигIияб газ бачиналда, къватIал, нухал къачIаялда ва цогидал кIвар бугел рахъазда тIасан суалал.

Дандеруссиналда гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул нухмалъулесул кумекчи Муса КъурамухIамадовас, «Село Ингиши» поселениялъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев Сулайман НурмухIамадовас, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель ГIали ГIумархIажиевас ва цогидаз. Тадбиралда хасгьабун халгьабуна ХIажимурад МухIамадовасул цIар кьураб къотIноб нухлул къедалъул кьучI, щула гьабун, къед гьабиялъул, ЛъаратIа-Ингишо нухаб хъил тIеялъул, МелъелтIа-Ингишо лъел рогIоро къачIаялъул.





2022-абилеб соналъул 22-абилеб июналда Гъалип Гъалипов гьединго дандчIвана «Сариназул накъищал» абураб тIехьалъул автор, ИчичIали росулъа Рукъият Асадулаевагун. Бакълъулазул бетIерас баян гьабуна администрациялъ бажарараб гьабулеб букIин магIарул мацI, адабият ва маданият цIунизе. Гъалиповасул рагIабазда рекъон, магIарул мацIалда Асадулаевалъул тIехь къватIибе бачIин буго рахьдал мацI цIуниялде, миллияб маданият машгьурлъиялде гали. КватIичIого Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул миллияб библиотекаялда тIобитIизе буго Рукъият Асадулаевалъул «Сариназул накъищал» абураб тIехьалъул презентация.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



ТIабигIияб газ хехго бачиналъул суалал рорхана
- 2 гьум.



Гъалип Гъалипов: «Росдал магIишаталъул хIасилал лъикIлъизари – бакълъулазул гIумру цебетIей»
- 2 гьум.



«Гумбет» информациялъул гIуцIи – Дагъистаналъул бищун лъикIал СМИязда гьоркьоб
- 2- гьум.



ХъахIал халгIатал ретIаразул къоялде – тадбирал
- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи

№ 24 27 июнь 2022 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ТIабигIияб газ хехго бачиналъул суалал рорхана

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов араб анкьалъ дандчIвана «Газпром межрегионгаз Махачкала» ОООялъул вакил-**



**забигун. Дандеруссиналда гьоркьор лъуна бакълъулазул росабалъе тIабигIияб газ хехго бачиналъул, ракьалъул, мина-карталъул гIорхъоде щвезегIан гьеб цIатари чIобого бачиналъул суалал.**

«Газпром проектирование» ОООялъ тендер рагIинабун буго Гъадари, Ингишо, Аргъвани ва ЦIияб Аргъвани росабалъ газил мухъал рачиналъул хIалтIаби гьаризе. Бакълъул районалъул нухмалъулесул рагIабазда рекъон, районалда тIабигIияб газ бачиналъул хIалтIаби иргада гьарулел руго. КватIичIого ЛъаратIа ва Данухъ росабазул гIадамазе рес щвезе буго тIабигIияб газалдасан пайда босизе. Муниципалитеталда газ бачиналъул хIалтIаби унел руго районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул хъравулъиялда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Гъалип Гъалипов: «Росдал магIишаталъул хIасилал лъикIлъизари – бакълъулазул гIумру цебетIей»

**Росдал магIишат цебетIеялъул, СПКязул ва цогидал магIишатазул хIалтIул хIасилал лъикIлъизариялъул ва цогидал суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIана районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Дандеруссиналда гьединго рорхана тIабигIияб газ муниципалитеталъул росабалъе бачиналъул, токил къуват цIикIкIинабиялъул, социалиябгун экономикиял рахъал церетIеялъул суалал.**



Тадбиралда Гъалип Гъалиповас киназулго пикру бусинабуна районалда кванил сурсатазул хIинкъи гьечIолъи чIезабиялде, гIияхъабазда ва хурухъабазда гьоркьор раккулел суалал гIужда тIураялде. «Росдал магIишат – Бакълъул районалъул аслияб рахъазул цояб буго. Гьелда хурхарал масъалаби гIужда ва лъикI тIуразе ккола. Росдал магIишаталъул хIасилал цадахъаб хIалтIудалъун лъикIлъизари – бакълъулазул гIумру цебетIей.

Районалъул росдал магIишат цебетIезе мурадалда тIоритIун рукIана Республикаялъулаб «Бакълъулазул тIагIамал» абураб фестиваль ва «Бакълъулазухъ гьабураб» абураб росдал магIишаталъул базар. ГIи-боцIи хьихьиялда, ахихъанлъиялда, хурухъанлъиялда хурхарал федералиял программаби районалда нухдаинаризе хIаракат бахъизе тIадаб буго щивасда»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. Федералиял, регионалиял, бакIалъулал идарабазул вакилзабаз хIалтIул хIасилазда тIасан гьарурал баяназухъги гIенеккана районалъул нухмалъулев. Киналго халгьабурал суалазда тIасан тIадкъаялги къуна.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басмаялъ 70 сон тIубаялде – конференция

### Библиотекаялъе журналал ва тIахьал сайигъат гьаруна

**Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб Бакълъул районалъул централияб библиотекаялда араб анкьалъ «Гумбет» басмаялъ 70 сон баялъул хIурматалда цIалулаб конференция тIобитIана.**

Гьенир гIахьаллъи гьабуна «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи ХIамзат ГIизудиновас, редакциялъул жавабияй секретарь Зугъра ГIабдулкъадировалъ, Бакълъул районалъул маданиялъул ва туризмалъул идаралъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, ЦБСялъул нухмалъулев МахIмуд Загьировас ва цогидаз. ХIамзат ГIизудиновас библиотекаялъе сайигъат гьаруна «Гумбет» газетаялъул, «Гъудуллъи» журналалъул экземплярал ва жиндирго тIахьал.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪАЙКЬЕЙ ЦЕБЕТIЕЙ

## ТIоцебесеб сентябралдаса цIияб ФГОСалда рекъон цIализе руго 1-сел ва 5-абилел классал

### Хиса-басиязда рекъон мугIалимазги лъай борхизабизе буго

**Чалаби МухIамадовасул цIар кьураб МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалда бугеб «Точка роста» лъайкьеялъул централда цIалул идарабазул нухмалъулезул заместителал, Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул вакилзаби гIахьаллъараб данделъи тIобитIана. Тадбиралъул гIахьалчагIаз халгьабуна 2022-абилеб соналъул тIоцебесеб сентябралдаса муниципалитеталъул школал цIияб ФГОСалда рекъон хIалтIиялъул суалазул.**

Районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевасул баяназда рекъон, 2022-2023-абилеб цIалул соналъ 1-сел ва 5-абилел классазул цIалдохъабазе лъай кьезе буго цIияб ФГОСалда рекъон (ФГОС третьего поколения).2-абилел ва хадусел классал, 6-абилел ва хадусел классал цIализе руго цере рукIарал программабазда рекъон. Гьел хиса-басиязда рекъон мугIалимзабазги борхизабизе ккола жидерго лъай.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН. «ГУМБЕТ» БАСМАЯЛЪ 70 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## «Гумбет» информациялъул гIуцIи – Дагъистаналъул бищун лъикIал СМИязда гьоркьоб

**Бакълъулазул районалъул СМИялъ тIадбан хIалтIи гьабулеб буго гIадамазе муниципалияб, регионалияб, бакIалъулаб тIалъиялъул хIалтIул баянал гьариялда хурхун. Районалъул «Гумбет» цIияй харбазулаб отделалъ, «Гумбет» басмаялъ, «ХIаригабурлъухъ» сайталда, социалиял гьиназда ругел муниципалитеталъул аккаунтазда сордо-къоялъ чIечIого рихьизарула районалда, республикалда, улкаялда ккарал лъугьабахъинал, гIадамазе тIуразе хIажатал суалал рорхула, федералиял, республикаялъулал программаби нухдаинариялъул бицуна.**



Республикаялъулал цIияй харбал, Дагъистаналъул нухмалъулесул, ДРялъул ХIукуматалъул хIалтIи бихьизабиялъул рахъалъ Бакълъулазул район буго регионалъул тIоцебесеб бакIалда ругезул сияхIалда. «Яндекс. Новости» порталалъулгун гьабун буго къотIи-къай, районалъул информациялъулаб отделалъул макъалаби республикаялъул цIияй харбазул тIоцересел мухъалъе ккола.

Бакълъул районалъул администрациялъул, АСПязул, цогидал идарабазул хIалтIул бакълъулазул СМИялъ щибаб къойил махщалида бицуна. ГIагараб ракьалъул хаслъи, берцинлъи бихьизе мурадалда тIоритIула федералиял, республикаялъулал телеканалазул журналистазул гIахьаллъигун пресс-турал. 2022-абилеб соналъул 13-абилеб январалда, Россиялъул печаталъул къоялъ, Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас муниципалитеталъул журналистазда баркана махщалилаб байрам, шапакъатал къуна, гьарана нахъеккунги хIалтIулъ бергьенлъаби ва щулияб сахлъи.

«Гумбет» РИОялъул хIалтIухъабазе къуна журналистикаялъул рахъалъ Инхоса ГIали-хIажил цIаралда бугеб премия. Щибаб санайил районалъул СМИялъул хIалтIухъабаз борхизабула лъай. Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповасул тIадкъаялда рекъон информациялъулаб отделалъе босана гьанжесеб заманаялъул фотоаппарат. Районалъул тIалъиялъ кIвар кьола къиматаб даражаялда гIадамахъе цIияй харбал щвезариялде.

2021-абилеб соналъул хIалтIул хIасилалда «Гумбет» РИОялъе къуна «Госпаблики» системаялъул хIалтIи лъикI гIуцIаралъухъ ДРялъул регионалъул управлениялъул Централъул ХIурматияб грамота, ДРялъул АГиПялъул баркалаялъул кагътазе чанцIулго мустахIикълъана. Районалъул СМИялъул хIалтIул хIасилал нахъеги лъикIлъизе гьарулел руго батIи-батIияй хIалтIаби, гIуцIун руго телеграм-каналал ва гь. ц.

КIудияб кIвар къун буго Украина неофашистаздаса бацIцIад гьабизе мурадалда рагIинабураб хасаб рагъулаб операциялдаса тIадруссинчIезул бициналде. «Дагъистан» РГВКялъул журналистазул гIахьаллъигун спецоперациялъул бахIарзазда тIасан сюжетал рахъана, районалъул журналистаз къойил бицуна гьезул гьунаралъул. Бакълъулазул информациялъулаб отделалъ гIемераб цадахъаб хIалтIи гьабула муниципалитеталъул росабазул идарабазулгун. Поселениязда нухдаинарулел программабазул гьарула баянал.

«Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи, Александ Блокил цIаралда бугеб премиялъул лауреат ХIамзат ГIизудиновасул жигараб гIахьаллъи гьабула районалъул, республикаялъул маданияб, жамгIияб гIумрудулъ. ГIизудиновасул «ХIаригабурлъухъ» абураб къиса Россиялъул чанго антологиялде гьорлъе ккана ва Абу-Даби шагьаралда гIараб мацIалде буссинабуна. Гьесул хIаракаталдалъун республикаялъул газетабазул, журналазул гьурмаздаса Бакълъул районалда хурхарал макъалаби камураб заман букIунаро.

**«Гумбет» РИО**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна.
Игьалиса Чупалав

№ 24 27 июнь 2022 с.

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## «ТIоцебесеб гулла кьвагьаралдаса бергьенлъиялъул салют биччазегIан»

### РакIалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къоялда хурхун тадбирал тIоритIана

**2022-абилеб соналъул 22-абилеб июналда Бакълъул районалъул росабалъ ракIалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къоялда хурхарал тадбирал тIоритIана. Гьедин, КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул хIурматалда бараб памятникалда цебе тIугьдузул горал лъуна, ВатIан цIунулаго**



**хварал ракIалде щвезаруна ва гьезие дугIа гьабуна районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас, бакълъулазул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхIмадовас, Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул, диниял идарабазул вакилзабаз, медицинаялъул хIалтIухъабаз ва цогидаз.**

81 сон ккун цебе, 1941-абилеб соналъул 22-абилеб июналъ, фашистазулаб Германия ВатIаналде тIаде кIанцIиялъул тарих ракIалде щвезабуна ЦIияб Аргъвани росдал цIалдохъабаз ва мугIалимаз. ГIуцIана линейка, «Ниж пашманго руго, нижеда ракIалда буго» абураб акция тIобитIана, КIудияб ВатIанияб рагъул аслияв лъугьа-бахъиназул бицана гьез.

Администрациялъул ва маданияталъул идараялъул хIалтIухъабаз бакълъулазул ЦТКНРялъул рукъалда цебе тIобитIана пашманлъиялъул ва ракIалдещвеялъул къоялда хурхун флешмоб. ЦIиликь росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор ГIабдухаликъ ГIубайдовас гIун рачIунел гIелазе бицана рагъде гIолилал, бихьинал иналъул, гьениса васал, вацал, эменал ва цогидал гIага-божарал тIадруссинчIого хутIарал руччабазул, тылалда, свак лъачIого, хIалтIарал лъималазул, харабазул.

МелъелтIа росдал КДЦялъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаеваль гIуцIана «ТIоцебесеб гулла кьвагьаралдаса бергьенлъиялъул салют биччазегIан» абураб бихьинчилъиялъулаб дарс. Фашистазул къоралдаса дунял эркен гьабизе рухI кьурал росуцоязе бараб памятникалда цебе лъималаз цIалана кучIдул, ракIалде щвезаруна кьогIаб заманалъ ВатIаналъе хилиплъичIел бакълъулазул къисмат.

Пашманлъиялъул ва ракIалдещвеялъул къо кIодоги гьабун, Нарыш росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул директор ПатIимат ТIалхIатоваль ва росдал библиотекаялъул нухмалъулей Бика Жамалудиноваль «Даимго чIаго ругел» абураб тадбир тIобитIана. Данделъиялда гIахьаллъаразе гьез баян гьабуна бахIарчиял ракьцоязул, рагъда чIваразул къадаралъул, захIмат бихьарал лъималазул ва цогидазул.



Бакълъул районалъул Ингишо росдал маданияталъул ва библиотекаялъул хIалтIухъабаз росуцоязе бицана КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьаралдаса нилъер улкаялъ фашистазул кIкIуй дунялалда бигьичIого букIине бахъараб хIаракаталъул. Рагъда хадусел соназ ВатIан цIи гьабизе, цебетIезе, свак лъачIого, хIалтIиялъул.

«РакIалда руго, чIухIула, хIурмат гьабула» абураб тадбир гIуцIана лъаратIисез. Гьенир кIалъазе рахъаразул рагIабазда рекъон, заманалъухъ буго кIудияб тIалъи, амма инсанасул ракIалдещвей гьелдаса къуватаб буго. «Щивасда тIадаб буго нилъее гIоло гIумру кьуразул бахIарчилъи, гьунар тIокIлъи, къо хIехьей кIочене тунгутIиялъе хIаракат бахъизе»,- ян абуна тадбир гIуцIараз. ЦIияб Данухъ ва цогидал росабалъги тIоритIана ракIалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къоялда хурхарал ВатIан бокьиялъул тадбирал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ТIИБ

## ХъахIал халгIатал ретIаразул къоялде – тадбирал

### Бакълъулазул медикал кIодо гьаруна

**Медицинаялъул хIалтIухъанасул хIурма-талда тадбирал тIоритIана Бакълъул районалда. Муниципалитеталъул гIадамазул сахлъи ва гIумру цIунулел кIодо гьаруна данделъи гIуцIана Ингишо росдал библиотекаялъул нухмалъулей ПатIина АхIмадоваль. Махщалилаб байрам медиказда баркулаго, гьелъ баркала загьир гьабуна хъахIал халгIатал ретIаразе гIадамазе хъулухъ гьабизе бахъулеб хIаракаталъухъ.**

Гьединго сахлъи цIуниялъул хъаравуллъиялда ругелгун дандчIвана МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор ГIазра РурухIмаева. Бигьаяб гуреб хIалтIулъ РурухIмаеваль гьезие гьарана щулияб сахлъи, сундулъго битIккей ва халатаб гIумру. Нарыш росдал маданияталъул вакилзаби медицинаялъул хIалтIухъабазда баркизе мурадгун щвана росдал ФАПалде. Данделъиялда ракIалде щвезаруна



батIи-батIияб заманалда бахIарчилъи, махщалилъ тIокIлъи бихьизабурал тохтурзаби ва цогидал. ЛъаратIа росулъ КДЦялъул вакил Барият ГIалиеваль ФАПалъул хIалтIухъабазда баркана махщалилаб байрам.



Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповасги баркана муниципалитеталъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда гьезул къо. «Ассаламу гIалайкум, хIурматиял бакълъулазул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда махщалилаб байрам – медицинаялъул хIалтIухъанасул къо! Нужер хIалтIи – кIвар цIикIкIараб, цIакъ хIажатаб буго. Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница ва Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей ГIалимович Меликовас кIудияб кIвар буссинабула сахлъи цIуниялъул рахъал церетIеялде.

Гьедин, улкаялда гIумруялде рахьинарулел руго «Сахлъи цIуни», «Росдал тохтур» абурал ва цогидал гIемерал программаби. Бакълъул районалъул администрациялъ бажарараб гьабулеб буго ва нахъеги гьабизе буго росабалъ медицинаялъул рахъалъ хъулухъ гIадамазе гьабиялъул даража борхиялъе, бакълъулазул сахлъи цIуни – администрациялъул аслиял масъалабазул цояб. Медицинаялъул хIалтIухъанасул къоялъ нужее гьаризе бокьун буго щулияб сахлъи, хIалтIулъ ва гIумрудулъ чIахIиял бергьенлъаби ва сундулъго икьбал»,- ян абуна Гьалип Гьалиповас.

**Макка МухIамадова**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## У налогоплательщиков есть возможность получать актуальную информацию об уплате налогов по электронной почте или в смс-сообщении

**Налогоплательщики могут получать информацию о выполнении налоговых обязательств по электронной почте или в смс-сообщениях. Для этого достаточно направить согласие на информирование о наличии задолженности по форме, утвержденной приказом ФНС России** от 06.07.2020 № ЕД-7-8/423@. Согласие можно подать из Личного кабинета налогоплательщика, принести в налоговую инспекцию на бумажном носителе лично, через представителя, направить по почте заказным письмом или передать в электронной форме по телекоммуникационным каналам связи.

Такой формат информирования позволяет налогоплательщику своевременно отслеживать текущее состояние расчетов по уплате обязательных платежей и не допускать начисления пеней. Преимуществом смс- и e-mail-информирования также является актуальность сведений, сервис предоставляет достоверные данные на текущую дату.

Рассылка сообщений о задолженности осуществляется не чаще раза в квартал. Налогоплательщик может в любой момент отказаться от дальнейшего информирования, направив заявление об отказе. Вся полезная информация по реализации механизма оповещения о задолженности, а также способов ее погашения собрана на специализированной странице сайта ФНС России «Информирование о задолженности» (nalog.gov.ru/info_dolg/).

**Советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**
**М.И. Магомедов**

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка – 2022

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2022-абилеб соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почталъул отделениязадасанги редакциялдасанги. Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2022-абилеб соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.**

**КIиабилеб бащдаб лъагIалие багьа:**
**почалдасан – 305,76 гъурущ**
**Редакциялдасан – 150 гъурущ.**

**«Гумбет» РИО**

# В РД реализуется программа «Развитие промышленности и повышение ее конкурентоспособности»

**Министерством промышленности и торговли Республики Дагестан реализуется государственная программа Республики Дагестан «Развитие промышленности и повышение ее конкурентоспособности», утвержденная постановлением Правительства Республики Дагестан от 18 декабря 2020 года № 274. Госпрограмма предусматривает реализацию следующих мероприятий: - субсидирование до 50% затрат на приобретение машин и оборудования, в том числе нового оборудования для реализации инвестиционных проектов по модернизации производства; - субсидирование до 50% затрат на разработку и внедрение инновационных технологий, научно-исследовательских работ и опытно-конструкторских разработок для реализации инвестиционных проектов; - субсидирование до 50% затрат на продвижение отечественной продукции легкой промышленности на электронных торговых площадках и (или) на оплату услуг по созданию собственного интернет-магазина.**

**Критерии отбора заявок и требования к ним определены постановлением Правительства Республики Дагестан от 4 октября 2021 года № 265 «Об утверждении Порядков предоставления субсидии из республиканского бюджета Республики Дагестан в рамках реализации государственной программы Республики Дагестан «Развитие промышленности и повышение ее конкурентоспособности».**

Прием документов осуществляется по адресу г. Махачкала, ул. Ирчи Казака, 41 (административное здание Минпромторга РД) и продлится до 7 июля 2022 года. Информация о порядке и условиях получения мер поддержки размещена на официальном сайте Министерства промышленности и торговли Республики Дагестан (http://www.minpromdag.ru/gosudarstvennaya-programma-respubliki dagestanrazvitie-promyshlennosti-i-povyshenie-ee-konkurento-sposobnosti-na-2015-2020-gg-_). Контактный номер должностного лица Министерства, по которому осуществляется устная консультация по вопросам, связанным с проведением отбора: 8 (8722) 67-92-12 (Керимов И.К.).

# Субсидии на компенсацию части затрат, связанных с приобретением машин и оборудования, для реализации инвестиционных проектов по модернизации производства

**Размер субсидии:**

-50% от суммы затрат, но не более 10 млн рублей

**получатели субсидии:**

-юридические лица

-индивидуальные предприниматели

Срок реализации проекта:

не более 3 лет начиная с года, следующего за годом подачи заявления

Условия предоставления субсидии:

- оборудование приобретено в текущем и предыдущем годах
- оборудование выпущено не позднее 5 лет на дату подачи заявления

-отсутствие задолженности по уплате налогов, сборов и других платежей в бюджет РФ

- размещение информации о деятельности предприятия в государственной информационной системе промышленности
- предприятие не находится в процессе реорганизации, ликвидации, банкротства, прекращения деятельности

-постановка на налоговом учете на территории Республики Дагестан

**Класс ОКВЭД**

-13 Производство текстильных изделий

-14 Производство одежды

-15 Производство кожи и изделий из кожи

-16 Обработка древесины и производство изделий из дерева и пробки, кроме мебели, производство изделий из соломки и материалов для плетения

-17 Производство бумаги и бумажных изделий

-18 Производство кокса и нефтепродуктов

-19 Производство химических веществ и химических продуктов

-20 Производство лекарственных средств и материалов, применяемых в медицинских целях

-21 Производство резиновых и пластмассовых изделий

-22 Производство прочей неметаллической минеральной продукции

-23 Производство металлургическое

-24 Производство готовых металлических изделий, кроме машин и оборудования

-25 Производство компьютеров, электронных и оптических изделий

-26 Производство электрического оборудования

-27 Производство машин и оборудования, не включенных в другие группировки

-28 Производство автотранспортных средств, прицепов и полуприцепов

-29 Производство прочих транспортных средств и оборудования

-30 Производство мебели

-31 Производство прочих готовых изделий

-32 Ремонт и монтаж машин и оборудования

**Необходимые документы:**

- заявление о предоставлении субсидии
- расчет размера субсидии

-справка об отсутствии у заявителя просроченной задолженности по заработной плате перед персоналом

-сведения о средней численности работников и средней заработной плате за 12 полных месяцев, предшествующих дате подачи заявления

-справка об отсутствии факта получения субсидии из бюджета другого уровня бюджетной системы Российской Федерации по тому же инвестиционному проекту за заявляемый период на основании иных нормативных правовых актов на заявленные цели

- копия документа о назначении на должность руководителя организации

-копию уведомления кредитной организации или налогового органа, подтверждающего открытие расчетного счета

- письменное согласие на обработку Министерством персональных данных, полученных в связи с подачей юридическим лицом заявления и документов на предоставление субсидии
- копии документов, подтверждающих приобретение машин и оборудования
- технико-экономическое обоснование инвестиционного проекта.

**Содержание технико-экономического обоснованиями инвестиционного проекта:**

-общее описание;

-производственный план;

-финансовый план;

-планируемые результаты разработки и внедрения инновационных технологий, научно-исследовательских работ о опытно-конструкторских разработок;

-объем отгруженной продукции за время реализации инвестиционного проекта;

-размер заработной платы, предусмотренной в отношении создаваемых постоянных рабочих мест для реализации инвестиционного проекта

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Профилактика детского дорожно-транспортного травматизма

**В период с 20 июня по 20 июля 2022 года проводится в Республике Дагестан месячник по профилактике детского дорожно-транспортного травматизма.**

Профилактика детского дорожно-транспортного травматизма – проблема всего общества. Обучение детей правильному поведению на дорогах необходимо начинать с самого раннего возраста.

Задача педагогов и родителей – воспитать из детей грамотных и дисциплинированных участников дорожного движения. Значительный пласт работы – это профилактика ДДТТ и формирования у детей навыков безопасного поведения на дорогах. Возрастающая плотность уличного движения делает дороги все более опасными для детей и, соответственно, вопросы профилактики детского дорожно-транспортного травматизма не теряют своей актуальности. Авторы многих работ, посвященных изучению детского травматизма, отмечают, что почти 2/3 из общего числа пострадавших на дороге детей попадает под машину из-за отсутствия главного транспортного навыка: предвидение скрытой опасности. Устранить эту причину, ограничиваясь только беседами с детьми, словесными наставлениями, невозможно. При движении на дороге, как и при любом движении, действуют не столько знания, сколько привычки, стереотипы.

Наиболее распространённые причины дорожно-транспортных происшествий.

1. Выход на проезжую часть в неустановленном месте перед близко идущим транспортом (мало кто из наших детей имеет привычку останавливаться перед переходом проезжей части, внимательно её осматривать и контролировать ситуацию слева и справа во время движения).
2. Выход на проезжую часть из-за автобуса или другого препятствия (наши дети не привыкли идти к пешеходному переходу, выйдя из транспортного средства или осматривать проезжую часть).
3. Игра на проезжей части (наши дети привыкли, что вся свободная территория – место для игр).
4. Ходьба по проезжей части (даже при наличии рядом тротуара большая часть детей имеет привычку идти по проезжей части, при этом чаще всего со всевозможными нарушениями).

Дорожно-транспортный травматизм детей в значительной мере обусловлен такими особенностями их психофизиологического развития, как незрелость; неспособность правильно оценивать обстановку; быстрое образование условных рефлексов и быстрое их исчезновение; потребность в движении, которая преобладает над осторожностью; стремление подражать взрослым; переоценка своих возможностей; специфичность реакции на приближающийся автомобиль и др.

Таким образом, обучение детей правилам безопасного поведения на дороге может уменьшить тяжелые последствия и возможность попадания его в ДТП. Единственный, кто может его в этом убедить, - взрослый человек, своим личным своим примером.

**Врио начальника Отдела МВД России по Гумбетовскому району, подполковник полиции А. М. Гаджиев**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.